

Nim. 168.40

DEKRÈ EGZEKITIF

**KONTINYASYON DEKLARASYON IJANS KATASTWÒF NAN SENK MINISIPALITE
VIL NEW YORK YO AK KONTE DUTCHESS, NASSAU, ORANGE, PUTNAM, ROCKLAND,
SUFFOLK AK WESTCHESTER KI ENKÒPORE REJYON OTORITE TRANSPÒ
METWOPOLITEN AN NAN ETA NEW YORK LA**

LÈ NOU KONSIDERE, konfòmman ak Dekrè Egzekitif (Executive Order) No. 168 la, yo te deklare yon katastwòf jiskaprezan nan senk minisipalite Vil New York yo ak Konte Dutchess, Nassau, Orange, Putnam, Rockland, Suffolk ak Westchester ki enkòpore Rejyon Otorite Transpò Metwopoliten an (Metropolitan Transportation Authority, MTA) nan Eta New York akòz ogmantasyon pàn ki deplizanpli konstan epi ki toujou ap plede rive nan ray yo, siyal yo, egiyaj yo ak lòt enfrastrikti transpò yo toupatou atravè sistèm lan ki gen ladan Estasyon Pennsylvania a (Penn Station) ki sitiye nan Konte New York la, ki te lakoz plizyè derayman tren, gwo pàn pèsistan nan ray yo, ak entèripsyon sèvis konsiderab yo k'ap afekte sante ak sekirite plizyè santèn milye pasaje;

LÈ NOU KONSIDERE, pàn ki toujou genyen nan ray yo, nan siyal yo, egiyaj yo, ak lòt enfrastrikti yo toupatou atravè sistèm tren ak metwo MTA yo kontinye poze yon menas iminan epi yo gen yon gwo enpak devastatè sou sante, sekirite ak mwayen sibzistans pou pasaje, touris, rezidan New York yo, ansanm ak biznis ak komès nan Distrik Transpò Pasaje Metwopoliten an (Metropolitan Commuter Transportation District, MCTD), ki se motè ekonomik rekoni Eta New York la, epi akòz de sa, te afekte ekonomi Eta New York la nan yon fason negatif;

LÈ NOU KONSIDERE, pàn ak entèripsyon sèvis tren yo ki nesesè pou yo ka reyalize Pwogram Reparasyon Amtrak (Amtrak Repair Program) la, ak lòt reparasyon ki nesesè pou repare ray yo, siyal yo, egiyaj ak lòt enfrastrikti transpò yo toupatou atravè sistèm tren ak metwo MTA a yo kontinye rete nesesè pou pwoteje popilasyon an, sante ak sekirite pasaje, touris, rezidan New York yo epi sa pral rann katastwòf ijans ki la deja nan sistèm transpò a vin pi mal akòz move kondisyon Estasyon Pennsylvania a ak sistèm tren ak metwo MTA a ye an jeneral la; epi,

LÈ NOU KONSIDERE, li kontinye rete nesesè pou MTA ak filyal li yo pran mezi konsiderab epi imedyà pou ede repare wout ray yo, siyal yo, entèriptè yo ak lòt enfrastrikti transpò yo epi nn medyasyon pou pàn sou ray sa yo ak entèripsyon sèvis yo akòz katastwòf ijans sa a;

KOUNYE A, AN KONSEKANS, MWEN, ANDREW M. CUOMO, Gouvènè Eta New York

la, konfòmeman ak otorite Konstitisyon an ak Lwa Eta New York yo te konfye mwen, avèk dokiman sa a, pwolonje ijans poutèt katastwòf nan eta a mwen te deklare a konfòmeman ak Dekrè Egzekitif No. 168 la epi mwen pwolonje delè tout modalite, kondisyon, ak enstriksyon ki nan Dekrè Egzekitif No. 168 la, ak modalite, kondisyon, ak enstriksyon ki nan nenpòt pwolongasyon li soti nan dat yo te deklare ijans poutèt katastwòf la konfòmeman ak Dekrè Egzekitif No. 168 la rive 1ye oktòb 2020; a kondisyon ke sispansyon tanporè nenpòt lwa, règ, règleman oswa enstriksyon ki konfòm ak pwolongasyon sa a ak nenpòt pwolongasyon Dekrè Egzekitif 168 la nan lavni dwe aplike nan mezi Prezidan Konsèy MTA a, oswa moun li chwazi an, ki dwe sèlman Prezidan oswa Direktè Jeneral MTA a, deside sa nesèsè nan objektif pou fè atribisyon nenpòt kontra, anfèmaj, lisans, pèmi oswa nenpòt lòt akò alekri yo ka siyen pou redui konsekans ijans poutèt katastwòf sa a.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil

Albany nan premye jou mwa septanm

nan ane de mil ven.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a